

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Unggal panalungtikan sangkan ngahasilkeun panalungtikan anu hadé tangtuna waé kudu dirojong ku métode-métode anu luyu jeung tujuan nu hayang dihontal. Métode anu dipaké bakal mangaruhan kana léngkah-léngkah panalungtik dina ngumpulkeun jeung ngolah datana. Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Métode deskriptif nya éta métode panalungtikan nu digunakeun pikeun ngagambarkeun sarta ngajelaskeun hiji hal, nu satuluyna dijéntrékeun dina wangun laporan panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 3).

Métode déskriptif anu digunakeun nya éta métode déskriptif analisis, nya éta ngadéskripsikeun naskah Kumpulan Mantra nepi ka bisa kapaluruh kaayaan éta naskah, nu saterusna dianalisis. Dina ieu panalungtikan digunakeun cara gawé filologi édisi naskah tunggal ngaliwatan édisi naskah standar. Ieu panalungtikan maké métode naskah tunggal (*codex unicus*) ngaliwatan édisi naskah standar (*editio critica*). Édisi standar nya éta migawé transliterasi ku cara ngoréksi tulisan anu henteu konsistén atawa kasalahan-kasalahan leutik séjénna dumasar kana palanggeran éjahan, sarta nyieun tafsiran kana bagéan anu sakirana perlu dipedar. Tujuanna sangkan nu maca leuwih gampang dina maca jeung miharti eusi téks (Baried, 1985, kc. 69).

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa rarancang anu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data anu rék ditalungtik. Desain panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan. Desain panalungtikan ngébréhkeun prosés dina nyieun rencana katut prak-prakanna panalungtikan. Ieu di handap dipedar desain panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan.


Rini Sutanti, 2015

Ulikan filologi naskah kumpulan mantra ti dusun pereng desa Talun kecamatan Ibun kabupaten Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bagan 3.1

Desain panalungtikan Naskah Kumpulan Mantra



3.2 Sumber Data

Arikunto (2010, kc. 172) nétélakeun yén sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu rupa, nya éta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*paper*).

- 1) Jalma (*person*), nya éta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét.

Rini Sutanti, 2015

Ulukan filologi naskah kumpulan mantra ti dusun pereng desa Talun kecamatan Ibum kabupaten Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Tempat (*place*), nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing jeung gerak mangrupa objék pikeun métode observasi.
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*), nya éta sumber data nu mangrupa hurup, gambar, atawa simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta *Naskah Kumpulan Mantra*. Ieu naskah mangrupa koléksi Aep Saepuluh masarakat Dusun Péréng Désa Talun Kecamatan Ibum Kabupatén Bandung. Ieu naskah ditulis dina basa Sunda-Jawa-Cirebon-Arab kalawan maké aksara Pégon sarta Latén. Kertas anu dipaké nya éta kertas pabrik, kandelna 72 kaca sarta teu kapanggih *watermark* dina kertasna. Ieu sumber data dijadikeun sumber utama dina ieu panalungtikan.

3.3 Ngumpulkeun data

3.3.1 Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan mangrupa hal penting dina panalungtikan. Ku ayana instrumen panalungtikan, prosés ngumpulkeun data bisa leuwih babari. Instrumen panalungtikan ngawengku sakabéh alat atawa cara anu dipaké pikeun ngumpulkeun data anu diperlukeun. Dina ieu panalungtikan, instrumen anu digunakeun nya éta ieu di handap.

- 1) Handphone, mangrupa instrumen panalungtikan anu kawilang penting. Dina ngalaksanakeun panalungtikan, handphone bisa digunakeun pikeun ngarékam nalika wawancara, ngarékam data-data anu aya di lapangan saperti foto, jeung video.
- 2) Kamera digital, digunakeun pikeun ngarekam, boh dina wangun video, boh dina wangun gambar atawa foto.
- 3) Pedoman wawancara, dipaké pikeun nyangking informasi lisan. Dina panalungtikan, penting pisan nu ngaranna pedoman wawancara. Pedoman wawancara kudu aya sangkan dina prosésna bisa lancar saluyu jeung data anu

Rini Sutanti, 2015

Ulukan filologi naskah kumpulan mantra ti dusun pereng desa Talun kecamatan Ibum kabupaten Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dibutuhkeun, sarta data naon waé anu diperlukeun bisa kakumpulkeun. Ieu di handap baris ditulis pedoman wawancara.

Tabél 3.1
Pedoman Wawancara

Pedoman Wawancara

1. Naon judul ieu naskah?
2. Ti saha jeung di mana meunangna ieu naskah?
3. Kumaha pancakakina bapa ka nu nulis ieu naskah?
4. Kumaha prosés meunangna ieu naskah (meunang meuli, warisan, nginjeum can dibalikeun, dll)?
5. Naha aya pasaratanna waktu narima ieu naskah?
6. Saha nu nulis ieu naskah?
7. Di mana disimpenna ieu naskah? Naha aya tempat husus?
8. Naha aya pasaratan/ritual husus pikeun ngariksa ieu naskah?
9. Kumaha kalungguhan ieu naskah dina kahirupan masarakat?
10. Naon fungsi ieu naskah? Kiwari masih sok dipaké atawa henteu?
11. Saupama masih dipaké, tujuanna keur naon?
12. Sanggeus maké ieu naskah, aya éfék négatif atawa positifna teu?
13. Naha aya carita husus anu patali jeung ieu naskah?

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi lapangan (observasi), téhnik wawancara, jeung studi dokumentasi anu ngawengku catetan hasil wawancara, foto, jeung naskah.

Observasi mangrupa hal penting dina panalungtikan kualitatif déskriptif. Observasi nya éta métode atawa cara nganalisis sarta nyatet hal-hal anu aya di lapangan, ku cara ningali jeung nengetan objék panalungtikan sacara langsung sangkan panalungtikan meunang gambaran ngeunaan kaayaan di lapangan. Wawancara jeung studi dokumentasi dilakukeun lamun observasi geus dianggap cukup.

3.4 Analisis Data

Sanggeus data hasil panalungtikan dikumpulkeun, léngkah séjén anu perlu dilakukeun nya éta kagiatan ngolah data (analisis data). Dina ngolah data dipaké téhnik analisis. Analisis data mangrupa usaha (prosés) dina milih sarta ngelompokkeun data. Sanggeus data dikumpulkeun, tuluy diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti: 1) mariksa jeung ngaidéntifikasi data (naskah) anu geus dikumpulkeun; 2) nyusun transliterasi data (naskah) anu geus dikumpulkeun; 3) ngadéskripsikeun jeung nganalisis data (naskah) anu geus dikumpulkeun; 4) nyieun klasifikasi dumasar kana naskah nu dianalisis; 5) nyieun kacindekan data (naskah) anu geus dikumpulkeun; 6) konsultasi ka dosén pembimbing.

Mantra nu aya dina naskah Kumpulan Mantra jumlahna aya 56 mantra, tuluy dipasing-pasing nurutkeun warnana, tapi nu dianalisis nya éta 15 mantra, anu jumlahna ngawengku genep warna puisi mantra nya éta (3 asihan, 3 jangjawokan, 3 singlar, 2 rajah, 2 ajian jeung 2 jampé).

Léngkah dina nganalisis, nu kahiji nya éta nangtukeun papasingan puisi mantra nu bakal dianalisis dumasar téori Rusyana (1970, kc. 11-13), satuluyna

Rini Sutanti, 2015

Ulukan filologi naskah kumpulan mantra ti dusun pereng desa Talun kecamatan Ibun kabupaten Bandung

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nganalisis puisi mantra dumasar kana téksna. Unsur-unsur téks puisi mantra anu dianalisis nya éta: 1) judul, 2) nomer mantra, 3) téks mantra, 4) tujuan, 5) nu nyarita, 6) nu diajak nyarita, 7) nu disambat, jeung 8) eusi (Isnéndés, 1998, kc. 38). Ieu di handap mangrupa conto lembar analisis.

Tabél 3.3

Conto lembar analisis:

<u>Lembar Analisis</u>	
1. Judul mantra:
2. Nomer mantra:
3. Téks mantra:
4. Tujuan:
5. Nu nyarita:
6. Nu diajak nyarita:
7. Nu disambat:
8. Eusi:

(diropéa tina Isnéndés, 1998, kc. 40)